

# Providence Hospital

## Èd Finansye pou Pasyan

NIMEWO:	9.09
DEPATMAN:	Finans
DAT AN VIGÈ:	19 out 2004
DÈNYE KOREKSYON:	15 septanm 2017
PWOCHEN DAT ECHEYANS:	30 jen 2020
APLIKAB POU:	Providence Hospital ak Providence Health System

## RÈGLEMAN/PRENSIP

Se règleman Providence Hospital (yo rele la a "Òganizasyon" an) pou l asire pratik ekitab onivo sosyal lè y ap founi swen ijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal nan etablisman Òganizasyon an. Règleman sa a fêt espesifikman pou reponn a kalifikasyon pou èd finansye pou pasyan ki gen bezwen èd finansye yo epi ki resevwa swen nan men Òganizasyon an.

1. Tout èd finansye yo pral reflete angajman nou pran ak respè nou genyen pou diyite èt imen ak enterè jeneral la, preyokipasyon espesyal ak solidarite nou gen anvè moun k ap viv nan povrete ak lòt moun vilnerab yo, ak angajman nou pran anvè jistis distributiv ak entandans.
2. Aplikasyon règleman sa a gen rapò ak tout sèvis swen ijans ak sèvis ki nesesè pou rezon medikal Òganizasyon an ofri yo, ki gen ladan sèvis medsen yo anboche ak sèvis sante konpòtmantal yo. Règleman sa a pa gen rapò ak aranjman pou peman pou pwosedi opsyonèl yo ak lòt swen ki pa ijans oswa ki pa nesesè pou rezon medikal yo.
3. Lis pwofesyonèl swen sante ki garanti anba Règleman Èd Finansye a, ki itilize yon fòma ki sanble ak sa ki atache nan Pyès A a, ofri yon lis ki gen tout pwofesyonèl swen sante k ap bay sèvis anndan etablisman Òganizasyon an ki presize sa Règleman Èd Finansye a garanti yo ak sa li pa garanti yo.

## DEFINISYON

Definisyon sa yo ap aplike pou zafè ki gen rapò ak Règleman sa a:

- **"501(r)"** vle di seksyon 501(r) nan Kòd Biwo Revni Entèn lan (Internal Revenue Code) ak Règleman ki pwomilge anba la yo.
- **"Kantite lajan ki konn jeneralman nan Fakti a"** oswa **"AGB"**, vle di, lè sa gen rapò ak swen ijans oswa swen ki nesesè pou rezon medikal yo, kantite lajan ki konn jeneralman nan fakti yo voye bay moun ki gen asirans ki garanti swen sa yo.
- **"Kominote"** vle di moun k ap viv Maryland, Virginia, ak nan vil ozalantou Washington, DC.
- **"Swen Dijans"** vle di pasyan an bezwen entèvansyon medikal imedyat akoz yon kondisyon grav, ki menase lavi oswa ki ka koz andikap. An jeneral, pasyan an resevwa konsiltasyon ak/oswa admèt nan sal dijans lan.
- **"Swen ki nesesè pou rezon medikal"** vle di swen yo detèmine ki nesesè pou rezon medikal apre yon pwofesyonèl swen sante otorize ki kalifye nan domèn klinik te fè detèminasyon an. Sizoka yo detèmine yon swen yon Pasyan ki gen garanti anba règleman sa a te mande ki pa nesesè pou rezon medikal apre yon doktè te revize demann lan, yon medsen tretan oswa ki

# Providence Hospital

## Èd Finansye pou Pasyan

an chaj admision dwe konfime detèminasyon sa a.

- "Òganizasyon" vle di Providence Hospital, Washington, DC.
- "Pasyan" vle di moun ki resevwa swen ijans oswa swen ki nesesè pou rezon medikal nan Òganizasyon an ak moun ki gen responsabilite finansye pou swen pasyan an.

## Èd Finansye nou Bay

1. Pasyan ki gen revni ki mwens pase oswa ki egal 250% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, oswa FPL) pral kalifye pou yo resevwa 100% anilasyon dèt charity care (swen charite) sou pòsyon fakti Pasyan an responsab pou l peye a, apre peman konpayi asirans li fè a, si nesesè.
2. Pou pi piti, Pasyan ki gen revni ki plis pase 250% FPL la men ki pa depase 400% FPL la, pral resevwa yon rabè nan yon pri degresif sou pòsyon fakti Pasyan an responsab pou l peye, apre peman konpayi asirans li fè a, si nesesè. Yo p ap fè yon pasyan ki kalifye pou rabè nan pri degresif la peye plis pase valè AGB yo kalkile li dwe peye a. Rabè nan yon pri degresif la pral repati konsa:

### Direktiv Anyèl

Rabè	100%	90%	80%	70%
FLP	<250%	300%	350%	400%

3. Pasyan ki demontre yo gen bezwen finansye ki gen revni ki pi plis pase 400% FPL la ka kalifye pou yo konsidere yo anba "Tès Mwayen yo" pou yo ka resevwa rabè, ki baze sou evalyasyon kapasite yo pou yo peye, sou fakti pou sèvis yo resevwa nan men Òganizasyon an. Providence Hospital pral konsidere Endijans Medikal pou aplikant ki gen revni ki depase 400% FPL la. Lè dèt medikal yo totalize plis pase revni brit fanmi nan kay la pou ane ki sot pase a, pasyan an pral kalifye pou èd finansye pou yon anilasyon dèt ki p ap depase 95%. Yo p ap fè yon pasyan ki kalifye pou rabè "Tès Mwayen yo" peye plis pase valè AGB yo kalkile li dwe peye a.
4. Pou pasyan k ap patisipe nan sèten plan asirans ki detèmine Òganizasyon an sitiye andeyò rezo yo ("out-of-network"), Òganizasyon an ka redui oswa refize èd finansye ki ta pral otreman disponib pou Pasyan an, y ap baze desizyon sa a sou revizyon enfòmasyon asirans Pasyan an ak lòt fè ak sikonstans apwopriye yo.
5. Yo ka fè Pasyan yo ki kalifye pou 100% charity care la peye yon frè senbolik fiks jiska \$20.00 pou chak sèvis yo resevwa nan Providence Hospital ak/oswa Providence Health Services.
6. Yo ka detèmine kalifikasyon pou èd finansye a nan nenpòt ki moman nan sik revni yo epi li ka gen ladan itilizasyon notasyon pwobab pou detèmine kalifikasyon malgre yon aplikant pa te ranpli aplikasyon èd finansye a ("Aplikasyon FAP a").
7. Yo dwe detèmine kalifikasyon pou èd finansye a pou nenpòt rès lajan yon pasyan ki gen bezwen finansye responsab pou l peye.
8. Pwosesis pou Pasyan ak fanmi yo fè kontestasyon kont yon desizyon Òganizasyon an

# Providence Hospital

## Èd Finansye pou Pasyan

pran konsènan kalifikasyon pou èd finansye a repati konsa:

- a. Pasyan/Garan yo ka fè kontestasyon sou yon rezolisyón èd finansye nan bay enfòmasyon anplis tankou verifikasiyon revni kay la oswa yon eksplikasyon ki apeze sikonstans yo bay Financial Counseling Department.
- b. 100% Charity Care Providence Hospital la ak Komite Kontestasyon Èd Finansye a pral konsidere tout kontestasyon, epi komite a pral voye desizyon l pran alekri bay pasyan an oswa fanmi ki te soumèt kontestasyon an.

### Lòt Èd pou Pasyan ki Pa Kalifye pou Èd Finansye

Pasyan ki pa kalifye pou èd finansye, jan sa dekri pi wo a, ka toujou kalifye pou lòt tip èd Òganizasyon an ofri yo. Nan enterè entegrite, kalite èd sa yo endike isit la, menm si yo pa baze sou bezwen epitou menm si yo pa la pou depann de 501(r), men yo endike isit la pou avantaj kominote ki resevwa sèvis nan Providence Hospital:

1. Yo pral bay Pasyan ki pa gen asirans yo ki pa kalifye pou èd finansye yo yon rabè ki baze sou rabè Òganizasyon sa a bay pi gran peyè li a. Pi gran peyè a dwe konte pou omwen 3% nan popilasyon Òganizasyon an kòm fason pou yo mezire volim oswa revni bri pasyan yo. Si yon sèl peyè pa konte pou nivo volim minimòm sa a, yo pral pran mwayèn plis pase yon peyè yo gen kontra avèk yo nan yon fason pou satisfè kondisyon peman yo itilize pou pran mwayèn kont lan pou omwen 3% volim biznis Òganizasyon an te antreprann pou yon ane done.
2. Rabè pou pasyan ki pa gen asirans: Kantite rabè ki aplike sou frè detaye (brit) ke yo chaje pasyan ki pa gen asirans oswa 65% pou sèvis yo ba yo.

### Limit sou Frè pou Pasyan ki Kalifye pou Èd Finansye

Yo p ap fè Pasyan ki kalifye pou Èd Finansye yo peye endividyèlman plis pase valè AGB pou swen ijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal yo epi pa plis pase valè brit yo peye pou tout lòt swen medikal yo. Òganizasyon an itilize metòd "gade deyè" pou l kalkile yon pouvantaj AGB oswa plis epi li enkli ladan sèvis peye Medicare yo ak tout konpayi asirans prive ki peye Òganizasyon an reklamasyon yo, tout sa yo konfòm ak règ 501(r). Ou ka jwenn yon kopi deskripsiyon kalkil ak pouvantaj AGB yo nan mande Financial Counseling Department (Pyès B).

### Fason pou Aplike pou Èd Finansye ak Lòt Èd

# Providence Hospital

## Èd Finansye pou Pasyan

Yon pasyan ka kalifye pou Èd Finansye atravè notasyon pwobab pou kalifikasyon, oswa li ka aplike pou Èd Finansye lè li soumèt yon aplikasyon FAP konplè. Yo ka refize bay yon Pasyan Èd Finansye si Pasyan an bay enfòmasyon ki pa vrè nan Aplikasyon FAP a oswa an konekssyon ak pwosesis notasyon pwobab pou kalifikasyon an. Fòm Aplikasyon FAP ak Enstriksyon pou ranpli Fòm Aplikasyon FAP a disponib. Tanpri gade enstriksyon espesifik yo anba a:

Providence Hospital:

Nou ka jwenn Aplikasyon FAP ak Enstriksyon pou Aplikasyon FAP a:

- Nan ale sou <http://www.provhosp.org/patients-guests>
- Nan ekri Providence Hospital, ATTN: Financial Counseling & Eligibility Services (Ground Flr), 1150 Varnum St., NE, Washington, DC 20017
- Kontak dirèk ak Financial Counseling Office nan (202) 854-4081.
- Vizite Financial Counseling Office nan Providence Hospital.

Nou dwe soumèt aplikasyon ki ranpli yo bay Financial Counseling Office.

Providence Health Services:

- Mande nan biwo doktè w la
- Nan ekri NRSC Financial Assistance Representative, 10330 N. Meridian Street, 2N PFS, Indianapolis, Indiana 46290
- Kontak dirèk ak yon Reprezantan NRSC Financial Assistance nan 800-566-5050

## Faktirasyon ak Rekovreman

W ap jwenn mezi Òganizasyon an ka pran yo nan ka kote pasyan pa peye jan yo dekri pi wo a nan yon règleman faktirasyon ak koleksyon ki apa. Ou ka jwenn yon kopi gratis règleman sou fakti ak rekouvremant yo nan Financial Counseling Office (Biwo Konsèy Finansye).

## Entèpretasyon

Règleman sa a la pou respekte 501(r), sof kote ki gen endikasyon espesyal. Règleman sa a, ansanm avèk tout pwosedi ki an vigè, dwe entèprete ak aplike dapre 501(r) sof kote ki gen endikasyon espesyal.